



Sipò sante nan anviwònman debitan

Chè fanmi,

Nou swete w byen! Ni aplikasyon 3-K ni aplikasyon pre-K ouvri kounye a, epi pandan w ap eksplòre opsyon pwogram pou pitit ou a, nou envite w enfòmè w plis sou seri sipò sante yo ofri nan anviwònman pou debitan. Sa a se yon rezime kout tip sipò tipik chak anviwònman pou pwogram 3-K ak pre-K.

- **Sant edikasyon debitan Vil Nouyòk (New York City Early Education Centers, NYCEEC)** se òganizasyon kominotè ki afilye ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) pou ofri 3-K ak pre-K. Yo egzije pou yo gen estaf ki fòmè nan bay premye swen (first aid) debaz, CPR, ak Epi-Pen nan lokal yo. Anplis, lè yon elèv ki ladan yo bezwen medikaman pandan jounen lekòl la, estaf NYCEEC yo pral resevwa trening pou bay medikaman (Medication Administration Training, MAT) pou yo ka sèvi elèv la. Se Direktè sante pou sante pou debitan nan Biwo sante lekòl (Office of School Health) la ki sipòte pwogram sa yo anjeneral, ki ka bay konsèy sou kesyon ki gen rapò avèk règleman sou sante, bay medikaman nan pwogram yo, akomodasyon seksyon 504, ak bay swen pou timoun ki gen bezwen sante espesyal.
- **Lekòl distri yo ak Sant Pre-K yo** gen enfimyè atanplen nan lokal yo. Lekòl sa yo ak Sant sa yo jwenn sipò direktè Biwo Sante Lekòl yo, kowòdonatè 504 ki nan lekòl yo ak parapwofesyonèl yo, lè sa nesesè.
- **Pwogram swen gadri adomisil (Family Child Care programs, FCC)** yo se pwogram ki fèt lakay (pou 3-K sèlman) ki oblije pran trening pou premye swen ak CPR epi yo ka pran trening nan bay Epi-pen. Anplis, lè yon elèv ki ladan yo bezwen medikaman pandan jounen lekòl la, estaf FCC yo pral resevwa trening pou bay medikaman (Medication Administration Training, MAT) pou yo ka sèvi elèv la. Se Direktè sante pou debitan nan Biwo Sante Lekòl ki sipòte pwogram sa yo lè sa nesesè.

Si pitit ou a gen bezwen medikal pandan lè lekòl, nou espere sipòte w nan kòmansman pwosesis enskripsyon an pou asire gen sipò apwopriye anplas pou kòmansman ane lekòl la. Tanpri kontakte EarlyChildhoodHealth@schools.nyc.gov pou nenpòt kesyon konsènan sipò sante ki disponib oswa pou pale sou bezwen medikal pitit ou a. N ap kontan ede!

Bòn chans,
Biwo pou Edikasyon Debitan DOE

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w [mete non w sou lis](#) imèl admisyon pre-K nou an .

Si w pa vle resevwa imèl ankò, tanpri klike [la a](#) pou dezabone.